ISSN 2010-720X
2004-jıldıń mart ayınan baslap shıǵa basladı

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

ÁJINIYAZ ATÍNDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ

# ILIM hám JÁMIYET

## Ilimiy-metodikalıq jurnal

Seriya: Pedagogika ilimleri. Psixologiya ilimleri

Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti

# FAN va JAMIYAT

## Ilmiy-uslubiy jurnal

Seriya: Pedagogika fanlari, Psixologiya fanlari

Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза

# НАУКА и ОБЩЕСТВО

## Научно-методический журнал

Серия: Педагогические науки, Психологические науки

Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz

# SCIENCE and SOCIETY

## Scientific-methodical journal

Series: Pedagogical sciences, Psychological sciences

№3
2020

# PEDAGOGIKA ILIMLERI

## Pedagogika teoriyası hám tariyxı

### ҚУРАНЫ КӘРИЙМ ҲӘМ ҲӘДИСЛЕРДЕГИ ӘДЕП-ИКРАМЛЫЛЫҚ ТӘРБИЯ ҲАҚҚЫНДА

**С.Абаев** – *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
**Е.К.Алламбергенов** – *еркин излениўши*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ислом, Қуръон, мусҳаф, аҳлоқ, эҳсон, ҳадис, сунна, бағрикенглик.
**Ключевые слова:** ислам, Коран, мораль, воспитание, хадис, сунна, толерантность.
**Key words:** islam, Quran, morality, education, hadith, sunnah, tolerance.

Мәдений мийрас ата-бабаларымыздың мың жыллар даўамында дөреткен бийбаҳа байлықлары – философиялық, сиясий, ҳуқықый, диний көзқараслары, әдеп-икрамлық қағыйдалары, илим-пән саласындағы уллы табыслары, көркем шығармалары, аўызеки ҳәм жазба әдебияты ҳәм көркем өнери болып есапланады.

Өзбекстан мәмлекети, оның ажыралмас бөлеги Қарақалпақстан Республикасы ғәрезсизликти беккемлей отырып, демократиялық, ҳуқықый әдалатлы, адамгершиликли пухаралық жәмийет қурып атыр. Өзбекстанның өзине тән жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолының дурыслығын турмыс, әмелий искерлик айқын дәлиллемекте. Ғәрезсизлик нәтийжесинде биз өзимизди өзимиз билип ғана қоймастан, бизди пүткил дүнья танымақта. Данышпан ата-бабаларымыздың дин, илим, философиялық, ой-пикир, көркем дөретиўшилик ҳәм басқа да руўхый мәдeният саласындағы салдамлы орынлары халық аралық шөлкемлер тәрепинен мойынланбақта.

Президентимиз Шавкат Мирзиёев президентлик лаўазымына кирисиўге арналған мәжилисте өзиниң тийкарғы ўазыйпаларынан бири деп елимизде қәлиплескен ҳүждан ҳәм исеним еркинлигин, диний кеңпейиллик орталығын тағы да беккемлеўди көрсете келип: «Жәмийетимизде ҳүким сүрип атырған өз-ара дослықты ҳәм татыўлықты және раўажландырыў, қайсы миллетке, динге ҳәм исенимге тийисли болыўына қарамастан, барлық пуқаралар ушын теңдей ҳуқықларды тәмийинлеў дыққатымыз орайында болды. Олардың арасына иритки салатуғын экстримистлик ҳәм радикал идеяларды тарқатыўға Өзбекстанда улыўма жол қойылмайды» [1] деп жәриялады. Бул журтымыздың узақ дәўирге қаратылған миллетлер аралық ҳәм динлер аралық қатнасықлар бойынша сиясаты еди.

Дүньялық мәдениятқа бийбаҳа үлес қосқан диний уламаларымыздың ҳәм алламаларымыздың уллы сәнелери дүньялық көлемде белгилениўин айқын дәлили болып есапланады. Ҳақыйқатында да, бул сиясаттың әмелге асыўының руўхый қайта тиклениўде Ислам дининиң роли айрықша. Ислам дүньялық ҳәм диний илимлерди өзине бирлестиретуғын идеология, дүньяға көзқарас, әдеп-икрамлылық, сиясий, ҳуқықый ҳәм тағы басқа да адамзатлық проблемалардың бир пүтин шешимин бериўши философиялық система. Сол ушын да Ислам дини халқымыз миллий руўхый дүньясының қәлиплесиўиниң негизлеринен бири болып келген.

Ондағы улыўма адамзатлық қәдриятлар жоқары дәрежедеги әдеп-икрамлылық идеялары ҳәзир де ҳәр тәреплеме раўажланған кәмил инсанларды қәлиплестириўдиң оғада әҳмийетли факторы болып қалмақта. Ислам дининиң муқаддес дереклери болған Қуран ҳәм Ҳәдислерде инсанды улығлайтуғын адамгершилик ҳәм әдалатлық идеяларын кеңнен нәсиятлайтуғын көрсетпелер оғада көп. Қураны Кәрийм ҳәм Ҳәдислердеги диний қәдириятлар өзлеринде улыўма инсаний қәдириятлардың мазмунын ҳәм өлшемлерин сәўлелендирип, инсанлардың өмиринде оғада үлкен роль атқарған, адамлардың басқа да мәнәўий қәдириятларының ийгиликли мәнисиниң қәлиплесиўинде шешиўши әҳмийетке ийе болған. Исламий қәдирятлардың тийкарғы мәнислери ҳәм көринислери ийман, ислам ҳәм иҳсан түсиниклеринде өз сәўлесин табады. Мәселен, иҳсан жоқары дәрежедеги қәдирят болып, ол өз ишине инсанның басқаларға ислейтуғын барлық жақсылықларын алады. Олардың ишинде ең баслысы – ата-аналарға қолдан келгенше жақсылық ислеў, әлемнен өткеннен кейин де олардың руўхын шад етип турыў, еслеў киреди. Кең мәнисте алғанда иҳсан пүткил исламлық қәдириятларды шын кеўилден орынлаўды аңлатады.

Исламлық қәдирятлардың тийкарғы идеялары Қураны Кәрийм де пайғамбарымыздың Ҳәдислеринде баян етилген оларды орынлаў нормалары шәрият қағыйдаларында көрсетилген.

Қураны Кәрийм мусылман халықлары турмысында айрықша орын тутатуғын муқаддес китап. Ол усы халықлардың илим, әдебият, турмыс тәризи нызам қағыйдалары, үрп-әдетлери, дүньяға көзқарасының қәлиплесиўинде шешиўши орын тутқан. Қуран - Ислам дининиң тийкарғы ҳәм биринши дереги. Жәмийет ҳәм инсанлар турмысындағы барлық мәселелер биринши гезекте Қуран арқалы шешилип отырылған. Қураны Кәрийм адамзат мәденияты тарийхында үлкен из қалдырған философиялық әдеп-икрамлылық, әдебий-тарийхый, илимий бийбаҳа мийрас болып табылады. Онда әдеп-икрамлылық, инсап, ҳүждан, ҳадаллық, әдиллик, сабырлылық, адамлар арасында дослық, ҳәр түрли халықлар ортасында татыўлық, динлер арасында толерантлыққа усаған улыўма инсаный әҳмийетке ийе болған жол жорықлар ҳәм көрсетпелер берилген.

Қураны Кәриймде ата-аналарға жақсылық етиў идеясы оғада кескин түрде қойылған. Буны биз төмендеги аятларда көремиз: «Рәббимиз оның өзине ғана ибадат қылыўыңызды ҳәмде ата-анаға жақсылық қылыўды әмир етти. (Әй инсан!) егер, олардың бириўи яки екеўи де кекселик жасына жетсе, оларға уф деме ҳәм олардан жеркенбе! Оларға бәрҳама жағымлы сөз айт!» [Әл-Исра сүреси, 23].

«Әлбетте, жақсылықлар жаманлықларды жоққа шығарады.» [Ниса сүреси, 114]. Буның мәниси биреўге жақсылық қылсаң, Алла-таала сениң жаманлықларыңды өширеди. Қураны Кәриймде инсан тәрбиясы мәселесине айрықша итибар бериледи. Ислам адамларды билимлиликке, илим үйретиўге шақырады. Қуранда «илим» сөзи 754 мәрте тилге алынған. Қуранда перзентлериңиздиң марифатлы ҳәм мәнаўиятлы болыўына ерисиў айрықша әҳмийетли ўазыйпа сыпатында қаралады. Бул туўралы Алланың муқаддес китабында былай делинеди: «… айтың әй, Муҳаммед… билетуғын затлар менен билмейтугын кимселер барабар болар ма?! Расында да, тек ақыл ийелери ғана үгит - нәсият аладурлар» [Зумар, 9]. Бул жерде алла таала «билетуғын затларды», яғный илимли кәмил инсанларды тәрбиялаўды баслы тәрбиялық көрсетпе сыпатында ортаға қояды. Билимсиз адамның саўатлы, ақыллы, тәрбияланған инсан менен турмыс машқалаларын шешиўде тең бола алмаслығын көрсетеди.

Алла, «Ал-Имран» сүресинде илим ийелерин периштелер менен қатар қояды. «Юсуп» сүресинде илимниң шегарасының жоқ екенлигин көрсетип, «ҳәр бир илимниң үстинен оннан да илимлирек бар» [сол сүре,76] екенлигин көрсетеди.

Қураны Кәриим Ислам дүньясында идеологиялық дүньяға көзқараслық, әдеп-икрамлылық, ҳуқықый машқалалардың шешими баянланған муқаддес китап сыпатында уллы роль атқарған ҳәм атқармақта. Қуранда баян етилген идеялар Ислам дининиң дереги сыпатында басшылыққа алынады. Сол тийкарда барлық диний, руўхый, мәнаўий ҳәм турмыслық мәселелер шешиледи. Мәселен, Қуранда жигирмадан аслам сүреде шаңарақ ҳәм оның менен байланыслы тәрбиялық мәселелер тилге алынған, бул мәселелердиң дурыс шешими берилген. Қуранда диний философиялық ой-пикирлер адамлардың өмиринде ҳәрекет етиўши дәстүрлер, үрп-әдетлер, адамлар арасындағы қатнасықларды тәртипке салыўшы ҳуқықый ҳәм әдеп-икрамлық норма, қағыйдалар, соның ишинде шаңарақ, неке, ата-аналарға ҳәм балаларға, ағайын-туўысқанларға қатнас, меншик-мийрас, саўда-сатық, қарыз ҳәм парыз, аманат және басқа да мәселелер бойынша көрсетпелер өз көринисин тапқан. Қурандағы әдеп-икрамлылық, инсап, ҳүждан, ҳадаллық ҳәм тағы басқа улыўма инсанийлық әҳмийетке ийе болған көрсетпелер ҳәзир де адамлар ушын руўхый күш-қуўат болып хызмет етип атыр, мәнаўиятымызды жетилистириўге үлес қоспақта.

Ҳәдислер Исламның Қураны Кәриймнен кейинги идеялық ҳәм руўхый дереги. Ислам иләҳиятының ҳәм шараятының екинши тийкары болған ҳәдислер сунна деп те жүритиледи. «Сунна» сөзи арабшадан аўдарылғанда «жол», «бағдар» ямаса «әўладлардан қалған үрп-әдетлер» деген мәнисти билдиреди. Исламда «Сунна» дегенде пайғамбарымызға тийисли болған ҳәдислер түсиниледи. «Ҳәдис» сөзиниң мәниси «хабар», «әңгиме», «билдириў» дегенди аңлатады. Исламдағы рәсмий мәниси бойынша ҳәдис дегенимиз - Муҳаммед пайғамбардың сөзлери ҳәм әмелий ислери ҳаққындағы аңыз әңгимелер. Ислам әлеминде ҳәдисти жыйнаўшылар ҳәм дүзиўшилер баршылық болған. Атап айтқанда, VIII-XI әсирлерде тек Маўараўннахрда 3000 нан артық ҳәдисшилер жасап, жемисли искерлик көрсеткен ҳәм Ислам дүньясында исенимли ҳәдислер топлаған 6 муқаддистиң мийнетлери айрықша тән алынады. Ислам дүньясындағы ҳәдис илиминиң султаны ең жетиги ҳәм атақлы имам Бухарий болып есапланады. Ол оғада зийрек ҳәм таланты алым болған. Имам Бухарий өзи топлдаған 600000 ҳәдислердиң 300000 ядтан билген. Ол 863-868-жыллары Нишапурда медреседе ҳәдис илиминен сабақ берген. Усы жерде Имам ат Термизий менен ушырасқан. Имам Бухарий 20 дан аслам диний ҳәм дүньялық мәселелер бойынша шығармалар жазған. Оның «Әл-Жәмеъ ас-Саҳиҳ» атлы мийнети Ислам дүньясында оғада ҳүрмет етилди ҳәм ҳәзирги күнде Қураны Кәриймнен кейинги исенимли дерек деп тән алынды.

Имам Бухарий дөретиўшилигине жоқары баҳа берип, президентимиз Ш.Мирзиёев былай деген еди: «Ислам әлеминде пайғамбарымыз Муҳаммед алайҳиссалам ҳәдислери топламының исенимли дереги деп тән алынған «Ал-жомиъ ас-сахих» топламы «Бәрше муҳаддислердиң устазы» болған имам Бухарийдиң көп жыллық пидәкерлик мийнетлериниң нәтийжеси саналады. 12 әсирден берли, бул шығарма әҳмийетине гөре, муқаддес Қураннан кейин Ислам дини ҳаққыдағы екинши исенимли жазба дерек болып келмекте. Тек ғана бизиң елимизде емес, бәлким, басқа еллерден де мыңлаған, милионлаған мусылманлар бул теберик инсан туўылған Бухараға барыўға ҳәм оның Самарқандтағы қәбирин зыярат етиўге умтылыўы тегин емес, әлбетте» [2].

Оның көп мыңлаған ҳәдислердиң арасында төмендегидей тәлим-тәрбиялық әҳмийети оғада күшли ҳәдислери баршылық:

1. Мулайымлық-даналықтың басыдур.
Адамлар үстинен күлиўден сақланыңлар
2. Ким кимди дос тутса, оған сол сүйиспеншилигин көрсетсин.
3. Барлық исиңизде дурыслы болың, адамлар менен мүнәсибетте жыллы-жумсақ, жипек минезли болың!
4. Адамларға кең пейил болыңлар, сонда адамлар да саған сондай болады.
5. Кәсиптиң ең жақсысы адамның өз қолы менен ислейтуғын иси ҳәм ҳадал саўда.
6. Жақсылықты ашық жүзли, хош ҳүрей адамлардан күтиңлер.
7. Бир-бириңиз бенен сәлемлесип жүриңлер, сонда араларында өз-ара дослық оянады.
8. Перзентлериңизди шын қәлбиңизден жақсы көриў менен әдеп-икрамын да жақсылаңлар.
9. Ийманлы адам ўәдесине опалы болады.
10. Мен барлық әдеп-икрамларды жетилистириў ушын жиберилгенмен.
11. Аўқаттың берекетти – оннан алдын ҳә кейин қол жуўыўда.
12. Мүлайымлық ҳә бир нәрсеге зийнет береди. Қайсы нәрсе де мүлайымлық болмаса, ол бузылады.
13. Бақыллықтан жаман иллет жоқ.

Журтымыздан шыққән ҳәдис илиминиң жарқын жулдызларының тағы бири Абу Иса Мухххаммад ибн Иса әл Бугий ат-Термизий болып табылады. Термизий имам Бухарийдиң шәкирти болған, басқа да көплеген муқаддислерден илим үйренген. Өзи де бул тараўда ат шығарған ҳәм бир қатар шәкиртлерге устазлық еткен. Ат Термизийдиң «Сунаки ат Термизий» шығармасында инсанда жақсылық пазыйлетлерди қәлиплестириўге қаратылған ҳәдислер топланған. Мәселен: «Алла нәзеринде ең жақсы дос - адамларға бирдейине саўаплы ис қылатуғын адамлар»; «Алла нәзеринде ең жақсы қоңсы – өз қоңсыларына жақсылық қылыўшыдур»; «Сап денеде саламат ақыл» деген халық нақылына әмел қылып, данышпан, перзентти жаслықтан ден-саўлықты сақлаўға, әсиресе, ўақытты бийкарға өткермеўге шақырады; оның «еки нәрсе бар, көпшилик оның қәдирин билмейди, биреўи – ден-саўлық, ал екиншиси бос ўақыт» усаған ҳәдислери инсанларды жақсылыққа қарай баслайды.

Термизийдиң мәнаўий мийрасы оның шығармаларындағы инсап, диянат, инсанпәрўарлық ҳәм тағы басқа идеялар бүгинги күнде жасларды жоқары әдеп-икрамлылық руўхында тәрбиялаўда, кәмил инсанды жетилистириўде үлкен әҳмийетке ийе. Биринши президентимиз И.Каримов Ат Термизий ҳаққында қутлықлаў сөзинде «ҳәзирги күнде Термизийдиң руўхый мийраслары тек ғана диний уламалар арасында ғана емес, ал дүньялық илим ийелери, кең көлемдеги жәмийетшилик арасында да өз қадир қымбатын таўып атыр. Ол инсанның ең жетик шығармаларынан «Китоб әл-Жамеъ ас-Сахиҳ» ҳәзирге шекем ҳәдис илиминиң тийкарғы дереклериниң бири болып есапланады. Алламаның әсирлер даўамында алым ҳәм зыялыларға бағдарлама болып келген ақыл ҳәм әдеплилик, инсап ҳәм диянат, әдалат ҳәм инсанпәрўарлықты үгитлеў кең идеяларға кыян кески дәўиримиздиң қурамалы ҳәм қарсылықлы руўхый – әдеп-икрамлылық мәселелерин шешиўде заманагөй әҳмийетке ийе болмақта» [3:11-12] деп атап көрсеткен еди.

Қураны Кәрийм ҳәм ҳәдислерде инсанның ата-ана, шаңарақ, перзентлер алдындағы жеке жуўапкершилик, сондай-ақ, жәмийет, халық, ўатан алдындағы мийнетлери баянланады. Олардың тәрбиялық күши оғада исенимли, баянлаў формасы тәсиршең, мазмуны әзелден киятырған халықлық әдиўли ой-пикирге мас келеди. Демек, Ислам дереклеринде жәмийеттиң бүгини ҳәм келешеги ҳаққында философиялық идеялар жәмийетлик, сиясий-экономикалық, мәнаўий мәдений проблемалар, улыўма инсаний ҳәм миллий әдеп-икрамлылық нормалар өз сәўлесин тапқан. Мәнаўий пазыйлетлер

Исламда қәлиплескен «саўап» ҳәм «гүнә» өлшемлери менен баян етилген. Ҳәдислер кәмил инсан тәрбиясына айрықша итибар береди, перзент туўылғаннан баслап, ер жеткенге шекем орынланыўы лазым болған илажлар баянланады. Перзентлердиң ата-ана алдындағы миннетлери ҳәм ўазыйпаларын орынлаўын қатаң түрде талап етеди. Ҳәдислерде билимли болыўға, жаслықтан илим алыўға умтылыў, мәнаўий жақтан жетикликке умтылыў ең зәрүрли инсаний талаплар дәрежесине көтерилген. Ҳәдислерде адамлардың өмири ушын керекли күнделикли жасаў тәризине байланыслы зәрүрли ислерди орынлаў талабы қойылады, экологиялық ҳәм санитариялық гегеналық миннетлер де белгиленеди. Тәбиятты таза сақлаў ҳәтте суўға түпирмеў, егин егиў, медресе ҳәм мешит салыў, көпир қурыў, канал салмалар қазыў арқалы суў шығарыў, тың жерлерди өзлестириў иләҳий талаплар дәрежесине көтериледи. Ҳәдислер адамларды даналыққа, илимлиликке, билимлиликке, марифатлылыққа ҳәм мәнаўиятқа шақырады. Шығыс халықларының қымбатлы мийрасы болған ҳәдислердиң терең философиялық мазмуны жасларымыздың мәнаўий дүньясын тәрбиялаўға сөзсиз хызмет етеди.

Исламдағы әдеп-икрамлықты тәрбиялаў мүмкиншиликлеринен толық дәрежеде пайдалана отырып, бәринен бурын жәмийеттиң ҳәм өз ийгилигине ҳадал мийнет етиў, жәмийетлик ҳәм жекке байлықты көбейтиў туўралы ғамхорлық, өз мәмлекетиниң нызамларын қатаң сақлаў, диний исенимине ҳәм миллетине қарамастан, адамлар арасында дослық, татыўлық ҳәм бирге ислесиўге қаратылған бағдарын күшейтиў ҳәм әҳмийетли ўазыйпалардан болып табылады.

Ислам дереклеринде сәўлеленген жоқары дәрежедеги әдеп-икрамлылық идеялары ҳәзир де ҳәр тәреплеме раўажланған кәмил инсанларды қәлиплестириўдиң оғада әҳмийетли факторы болып келмекте.

**Әдебиятлар**

1. Мирзиёев Ш.М. Еркин ҳәм абадан, демократиялық Өзбекстан мәмлекетин мәрт ҳәм уллы халқымыз бенен бирге қурамыз. / «Еркин Қарақалпақстан», 17-декабрь, 2016.
2. Мирзиёев Ш.М. Ислам бирге ислесиў шөлкеми сыртқы ислер министрлери кеңеси 43-сесиясының ашылыў мәресиминде сөйлеген сөзи. / «Еркин Қарақалпақстан», 20-октярь, 2016.
3. Каримов И.А. Ислам зиёси ўзбегим симосида. –Ташкент: Ислам университети, 2005.
4. Қураны Кәрийм мәнилериниң қарақалпақ тилиндеги аўдармасы ҳәм тафсири. Аўдармашы: Шамсуддин Баҳаўиддинов. -Ташкент: «Ўзбекистон», 2019, 624-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада маданий мерос тизимида диний меросларнинг, айниқса, Ислом динининг муқаддас манбалари ҳисобланган Қуръони Карим ва ҳадисларнинг тутган ўрнига алоҳида тўхталиб, улардаги аҳлоқ ва одоб тарбияси ҳақидаги тушунчалар билан ғоялар кенг талқин қилинади ва уларнинг ҳозирги таълим тарбия жараёнидаги аҳамияти очиб берилади. Шунингдек, ушбу меросларнинг фақат диний манбаларгина эмас, юқори даражадаги комил инсонни тарбиялайдиган улуғ тарбия қуроли, умуминсоний қадриятлар эканлиги ишончли далилланган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается роль религиозного наследия в системе культурного наследия, особенно священного Корана и хадисов, которые являются священными источниками ислама, а также разъясняются содержащие в них концепции морали и этики и их важность в текущем образовательном процессе. Также было убедительно доказано, что это наследие является не только религиозными источниками, но и универсальными ценностями которые являются отличным образовательным инструментом, воспитывающим совершенного человека.

**SUMMARY**

The article examines the role of religions heritage in the system of cultural heritage, especially the holy Qu'ran and hadith, which are the sacred sources of Islam, and explains the concepts of morality and ethics contained in them and their importance in the current educational process. In has also been conuincingly proved that this heritage is not only religious sources, but also univercal values, which are excellente educational tool that educates the perfect person.

## "AVESTO" and KARAKALPAK FOLK DASTAN "SHARIYAR"

(The source of education, traditions and heritage, continuity and relationship problems)

**E.K.Allambergenov** – *researcher*

*Nukus State Pedagogical institute named after Ajiniyaz*

**Таянч сўзлар:** «Авесто» ва «Шариёр» достони, манавий-маърифий сифатлар, одоб ва аҳлоқ, ахлоқсизлик, одиллик ва адолатсизлик, инсонийлик ва ноинсонийлик, ёмонлик, ёвузлик, ёмон кўриш, одоб-аҳлоқ ва қаноат, одоб-аҳлоқ ва манманлик, одоб-аҳлоқ ва ота-онага меҳр.

**Ключевые слова**: «Авесто» и дастан «Шарьяр», духовно-просветительские качества, воспитанность-невоспитанность, справедливость-несправедливость, человечность-бесчеловечность, зло, ненависть, нравственность и благородность, нравственность-высокомерие, нравственность-отношение родителей.

**Key words:** «Avesto» and dastan «Shariyar», spiritual-educational qualities, well-mannered and bad-mannered, justice-injustice, humanity-inhumanity, evil, hate, morality and nobility, morality-arrogance, morality-parents' relation.

**Introduction**

If Karakalpak dastan (epic heroic poem) "Shariyar" is learned under the perspective of pedagogy, it will be clear that "Shariyar" dastan takes the first place in teaching moral issues with its problems of up-bringing. The role of law education is important to bring up perfect, intelligent, legally educated youth who are the future of our country based on legal democracy, strong citizenship society, economy devoted to free market relationship and person ownership.

Therefore, the main idea of the story is that to make a high level of morality, it is necessary to make sure that the educational influences and teachings received at school are not enough, that education will continue throughout life, for the sake of human development, for the sake of parents. The upbringing of society, as well as the mentality and morality that form in those societies and it is clear that only a person with such qualities can overcome all difficulties in life and do his goals and dreams, and only such people can overcome evil with good and injustice, moreover such people also might be a real fighter who can find a chance to win.

Only such a person is able to lead himself and his people to a free and prosperous life. Moreover, such person or people with fruitful ideas didn't bear spontaneously.

Of course, such lofty ideas do not seem in one person or in one nation, or in one artistic heritage created by them. Just as today's highly developed human society has achieved all its good achievements by adopting and developing the best qualities of its predecessors, assimilation of advanced progressive pedagogical ideas and views reflected in artistic and empirical scientific tasks. So "Shariyar" dastan is created based on pedagogical ideas, which mentioned above, and they are without any doubt the sources of rich and fruitful ideas of nation. There can be no doubt that it came about through enrichment and development. At this point, of course, we must first note the special place of the book "Avesto", which summarizes all the wonderful examples of ethno-pedagogy of folk pedagogy. This is because

## M A Z M U N Í

**1-oktyabr – Muǵallimler hám ustazlar kúni**

Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтиң муғаллимлер ҳәм устазлар күнине бағышланған салтанатлы мәресимдеги шығып сөйлеген сөзи …………………………………………………………………… 3

**PEDAGOGIKA ILIMLERI**

**Pedagogika teoriyası hám tariyxı**

**Абаев С., Алламбергенов Е.К.** Қураны Карийм ҳәм Ҳәдислердеги әдеп-икрамлылық тәрбия ҳаққында ……………… 13
**Allambergenov E.K** “Avesto” and Karakalpak folk dastan “Shariyar” (The source of education, traditions and heritage, continuity and relationship problems) ………………………………………………………………………… 15
**Әлеўов Ө., Таспанова Ж.К.** Әжинияз Қосыбай улы жаслар тәрбиясы мәселелери ҳаққында ……………………… 18
**Бердиева Ҳ.М.** Ўқитувчи касбий компетентлигини ривожлантиришда инновацион таълим муҳитининг ўрни ……….. 22
**Душабоев О.Н.** Педагогик тизимларда синергетика тамойиллари ……………………………………………… 24
**Joldasbaev P.** Jumanazar Bazarbaevtıń pedagogikalıq tárbiya tarawındaǵı miynetlerine bir názer ……………………………… 26
**Меражова Ш.Б.** Понятие прямой и обратной задачи в математической физике ………………………………………….. 28
**Мырзамбетов П.Ш.** Тарбиянинг бошқа йўналишлари билан жисмоний тарбиянинг боғлиқлиги тамойиллари ……… 33
**Набиев А., Ҳайдарова Ш., Каримов К.А.** Касбий-техникавий таълимда компетенциявий ёндошув ………………… 36
**Набиев А.Н., Каримов К.А., Каримов Б.Т.** Конуссимон узатмаларни лойиҳалашда назария ва амалиёт уйғунлиги муаммолари ……………………………………………………………………………………………………… 39
**Ғаниев О.А.** Кредит-модуль тизими - таълим сифатини таъминлаш омили сифатида ……………………………… 42
**Ҳамдамова Н.М.** Ўқувчиларнинг ижодкорлик қобилиятларини ривожлантиришнинг ўзига хос хусусиятлари ……….. 44
**Хожаметов А.** Болаларни спортга жалб қилишда аёлларнинг ўрни ………………………………………………….. 46
**Рўзиева Г.Х.** Идиомалар-маданий компетенцияни шакллантирувчи омил сифатида ……………………………….. 48
**Тажибаев С.С., Олимов А.И., Ниязов А.Т.** Бўлажак жисмоний тарбия ўқитувчиларини тайёрлашда мобил иловаларни қўллаш самарадорлиги ……………………………………………………………………………… 50

**Tálim - tárbiya teoriyası hám metodikası**

**Абдурахманова А.Т.** Влияние духовно-эстетического воспитания на развитие личности в процессе образования …… 53
**Amonova H.I., Niyazov L.N.** Biokimyo fanini o’qitishda keys usulini qo’llash masalalari …………………………………… 54
**Asqarov M.** Irracional teńlemelerdi sheshiwdiń bazı bir usılları ………………………………………………………….. 56
**Asqarov M.** Logarifmlik hám kórsetkishli teńsizliklerdi intervallar usılınan paydalanıp sheshiw …………………………….. 58
**Бердибаева Г.** Жас өспиримлердиң саламат ҳәм саналы раўажланыўында миллий ойынлардың тәсири ……………… 59
**Djumabaeva V.T.** Using authentic texts in foreign languages clssses ………………………………………………….. 61
**Жалелов Р.М., Жалелов К.М.** Excel электрон кесте программасында сызықлы программаластырыў мәселелерин симплекс усылы менен шешиў ……………………………………………………………………………… 62
**Жалелов Р.М., Жалелов К.М.** Ms excel программасы жәрдеминде транспорт мәселесин потенциаллар усылы менен шешиў ……………………………………………………………………………………………………… 65
**Жумамуратов А.П.** Дарс жараёнида бошланғич синф ўқитувчиларининг ахборот технологияларидан фойдаланиши методикаси …………………………………………………………………………………………………… 67
**Kaipbergenova F.T.** The effectiveness of using an online-program in teaching english vocabulary to chemistry students …… 69
**Камолов Л.А., Халмаматова Л.А., Калкоразов Т.Т.** Особенности управления строительным процессом в условиях глобализации ………………………………………………………………………………………………… 71
**Мамадиёров Ж.Б.** Амалий дастурлар орқали математикани ўқитиш ……………………………………………….. 73
**Мирзакаримова М.М.** Умумтаълим фанларини тадбиркорликка йўналтириб ўқитиш тизимини такомиллаштириш 75
**Мырзамбетов П.Ш.** Жисмоний тарбия назарияси ва методикаси предметининг таълим-тарбия тизимидаги аҳамияти 77
**Nagmetova N.M.** Baslawısh tálimde pánler integraciyası tiykarında bilim sapasın arttırıw ……………………………. 78
**Норова К.Ю.** Олий таълим муассасаларида педагогик жараёнларни бошқариш тамойиллари ва концептуал асослари 80
**Нурекеев Б.Т.** Палўанлар ҳаққында әпсана ҳәм гүрриңлер тийкарында оқыўшы жасларды батырлыққа, мәртликке таярлаўдың педагогикалық әҳмийети ……………………………………………………………………………… 82
**Ro’ziyeva D.S.** Optikaning murakkab mavzularini o’rganishda laboratoriya mashg’ulotlarini tashkil qilish …………………. 84
**Саидова Н.Р.** Бошланғич синф ўқувчиларининг математика компетенцияларини шакллантиришда ахборот-коммуникация технологиялари воситаларидан фойдаланишнинг педагогик асослари ……………………………… 86
**Саримсакова Н.К.** Орфоэпическая компетенция: понятие, сущность, структура …………………………………... 88
**Тажбенова С.С.** Она тили дарсларида назарий билимларни амалда қўллаш грамматик саводхонликнинг асоси сифатида ………………………………………………………………………………………………………. 91
**Тажибаев С.С., Дауренов Е.Ю., Олимов А.И.,** Бўлажак педагог кадрларни ўқитишда махсус мобил иловалар яратиш зарурияти (жисмоний тарбия мисолида) ……………………………………………………………… 93
**Тлегенов Б.Н.** Умумтаълим мактабларининг 5-синф ўқувчиларида информатикадан билимларни ўзлаштириш сифатини ошириш муаммоси ……………………………………………………………………………... 95
**Турганов Ё.И.** О возможностях использования современных информационно-коммуникационных технологий в совершенствовании оценочной компетенции будущего учителя ………………………………………………… 97
**Турғунов А.А.** Мактабгача таълим психологик хизматининг амалдаги модели …………………………………….... 99
**Усмонов З.Н.** Мониторинг физкультурно-оздоровительной работы в сельских общеобразовательных школах ……… 101
**Utepbergenova D., Kurbaniyazova S., Otarbaeva R.** The ories on listening comprehension in language learning ………… 103
**Hamroyev G‘.H.** O‘quv topshiriqlarini vazifasiga ko‘ra tasniflash va blum taksanomiyasining ahamiyati ……………………. 105
**Yavidov B., Saburova G., Nurimbetov K., Ollomberganova M.** Beyker-Kempbel-Xauzdorf formulasiga oid bir masalaning yechilish metodikalari ………………………………………………………………………… 107
**Шлюбуль Е.Ю., Ажиев А.Б., Жаксымуратова Э.С.** Проблемы здоровьесбережения подрастающего поколения в современной образовательной практике ………………………………………………………………… 110
**Чергинская И.А.** Воплощение категории условия в волшебной русской сказке …………………………………. 113

**Recenziyalar, sın pikirler**

**Алламбергенов К. Г.Эгамқулова** Жанрын тапқан жазыўшы ямаса қаҳарман шайыр ҳаққында қаҳарманлық мийнет 115

**Ustazlar shejiresi**

**Алламбергенов К., Қыдырбаева Г.** Жаслардың өмир шырағы болған устаз еди ……………………………………….. 118